


Date Printed: 04/20/2009

JTS Box Number: IFES_64
Tab Number: 81
Document Title: Eleksyon yo
Document Date: 1994
Document Country: Haiti
Document Language: Creole
IFES ID: CE00800



* B C 4 1 D D 4 3 - F 8 5 8 - 4 D 2 5 - 8 2 D 8 - 1 B 4 2 4 D 7 2 A 9 0 7 *


Eleksyon yo



**Edikasyon pou ankouraje
kilti demokrasi**

*Street
law*

Eleksyon yo



**Edikasyon pou ankouraje
kilti demokrasi**

*Street
law*



Sa ki nan liv sa a, sòti nan
“La Démocratie pour Tous”

par

David McQuoid-Mason, Doyen, Faculté de droit, Université du Natal, Durban
Mandla Mchunu, Directeur national, Street Law, et directeur, Centre for Socio-Legal Studies, Université du Natal, Durban
Karthy Govender, Maître de conférences, Département de droit public, Université du Natal, Durban
Edward L O'Brien, Professeur vacataire de droit, Georgetown Law Centre, et
codirecteur du National Institute for Citizen Education in the Law (NICEL)
Mary Curd Larkin Directeur adjoint du National Institute for Citizen Education in the Law (NICEL)
Directeur de la publication : David McQuoid-Mason

Texte revu et corrigé pour Haïti par :

Nadine Perrault, (Cabinet de Consultation, de Formation et d'Assistance Légale)
Lyonel Sanon ((Ministère de l'Éducation Nationale, de la Jeunesse et des Sports);
Guy Marie Louis (Université Anacaona)
Nirvah Jean-Jacques, (Fondation Haïtienne pour l'Éducation Privée FONHEP)

Traduction créole :

Yves Déjean et Paul Déjean

Illustrations de :

Chevelin Djasmy Pierre,

Andy Mason, Tracy Brownlee, Jake Hempson, Steve Kheswa, Richard Jordan, Arvind Sardar

Edition Haïtienne publiée en 1999


Manuel publié par CIVITAS, USIS Port-au-Prince en association avec Street Law Inc.
ISBN : 0-7021-3099-0 (Manuel du participant) / ISBN : 0-7021-3214-4 (Guide de l'instructeur)

Production :

Produit en Haïti par Karine Margron, Teknipaj
Imprimé par Le Natal S.A., Port-au-Prince

© 1994 : Street Law (SA) Centre for Socio-Legal Studies, University of Natal,
National Institute for Citizen Education in the Law (NICEL), SE Washington, D.C.,
David McQuoid-Mason; Andy Mason
©1998 Démocratie pour Tous : Street Law,

Aucun extrait de ce livre ne peut être reproduit ou diffusé, sous quelque forme ou par quelque procédé que ce soit (y compris par photocopie, enregistrement ou par tout système de stockage ou d'accès à l'information) sans autorisation écrite préalable des auteurs.



SAK KI NAN KOZE

- A. Eleksyon ak vòt
- B. Ki moun ki kab vote?
- C. Pati politik ak eleksyon
- D. Demokrasi ak plizyè pati politik
- E. Kandida pou eleksyon
- F. Eleksyon lib, serye
- G. Eleksyon dwe fèt souvan
- H. Ki jan pou moun vote
- I. Respekte lide politik ki pa menm ak lide pa w
- J. Fini eleksyon fini, sa ki pèdi dakò yo pèdi

KOTE KOZE A VLE MENNEN NOU

1. Nou konprann pou ki sa ni vote ni eleksyon enpòtan nan yon demokrasi.
2. Nou konnen ki moun ki kab vote nan yon demokrasi.
3. Nou konprann wòl pati politik nan yon demokrasi.
4. Nou konnen ki kalite moun ki ta dwe kandida pou eleksyon demokratik.
5. Nou konprann pou ki sa eleksyon dwe lib, eleksyon dwe onèt.
6. Nou konprann pou ki sa eleksyon dwe fèt souvan
7. Nou konprann ki jan pou moun vote
8. Nou konprann pou ki sa moun dwe respekte lòt lide politik ki pa menm ak pa yo, lè gen eleksyon.
9. Nou konprann pou ki sa kandida ki pèdi dwe rekonèt yo pèdi apre eleksyon.

A. ELEKSYON AK VOT

NAN PEYI W

Eske peyi w
ogànize Eleksyon
regilyè?
Epi, èske se
eleksyon ki lib
epi ki serye

Eleksyon politik fè moun kapab vote, kon sa se yo ki pran desizyon pou avni peyi yo. Gen eleksyon kote se pou pati politik yo vote. Gen lòt kote se pou kandida endepandan yo vote. Pi fò kandida endepandan se manm pati politik. Gen de lòt moun vote pou oubyen kont kèk keksyon espesyal. Kalite eleksyon sa a, yo rele referandòm. Moun k ap vote yo ap di si yo vle konstitisyon sa a oubyen si yo pa vle li. Kòm demokrasi, se lòt pèp la kòmande", se chak sitwayen ki reskonsab al vote. Anpil fwa moun vote paske yo vle gen chanjman. Yo kwè lè se yon lòt pati ou byen lè se yon lòt kandida yo chwazi met sou pouvwa, gouvènman an pral chanje direksyon. Lavi yo ap pi bon.

EGZESIS 1

Pataje esperyans ou ak lòt moun nan afè vote a.

1. Èske ou deja vote pou yon ka kèlkonk? Si w deja fè sa, se te pou ki sa? Ki wout ou suiv pou w vote? Pou kisa se tèt jan ou vote?
2. Pou ki sa moun vote?

B. KI MOUN KI KAB VOTE

Elektè ap vin enskri



Nan yon demokrasi, tout sitwayen ki gen yon sèten laj, gen dwa vote. Divès peyi gen divès regleman pou vote. Pi fò egzijans pou moun ki pral vote yo, anrejistre anvan eleksyon oubyen pou yo gen yon kat didantite pou eleksyon. Gen peyi ki pa bay fi dwa vote. Tout peyi mande pou moun gen tèt laj (lepli souvan, se 18 ane oubyen 21 ane). Gen peyi ki mande pou moun ki pral vote yo konn li epi konn ekri. Gen moun ki kritike egzijans kon sa, ki pa sanble respekte demokrasi. Yo di: Kòm demokrasi, se lòt "pèp la kòmande", sa ta vle di se mezi moun ki kapab ki dwa pran pa nan eleksyon.

EGZESIS 2



Ki moun ki ta dwe gen dwa vote?

Gade lis moun ki la a epi di ki moun ki ta dwe gen dwa vote ak ki moun ki pa ta dwe gen dwa vote. Di pou ki rezon:

- a) gason
- b) fi
- c) kriminèl yo kondane
- d) moun ki deja gen 18 ane
- e) moun ki pa byen nan tèt yo
- f) moun ki pa konn ni li ni ekri
- g) moun ki gen plis pase 90 ane
- h) etranje ki abite nèt nan yon peyi

Gen moun ki panse fòk lalwa ta fòse moun vote epi fòk li ta pini moun ki pa vote. Egzanp : fè yo peye amann. Eske ou dakò ak lide sa-a oubyen ou pa dakò. Di pouki rezon.

C. PATI POLITIK AK ELEKSYON



Nan pifò demokrasi, prensipal òganizasyon ki pran pa nan eleksyon, se pati politik. An jeneral gen 2 fason pou òganizasyon politik pran pa. Chak pati kandida nan eleksyon. Moun reprezante pèp la selon kantite vòt chak pati politik genyen. Oubyen selon kantite vòt chak kandida endepandan genyen.

Nan sistèm kantite vòt chak pati politik genyen, se pou yon pati politik moun vote. Chak pati prezante yon lis kandida. Se dapre kantite vòt chak pati genyen sou chak 100 vòt, yo konnen konbyen plas pati a ap genyen nan palman an.

Nan sistèm kantite vòt chak kandida endepandan genyen pati politik yo chwazi kandida endepandan pou reprezante zòn yo rele "sikonskripsyon" yo. Pou kandida yo pase, fòk se yo ki gen plis vòt nan tèl zòn.

Gen lòt kalite mòd vòt toujou. Lè kon sa moun vote ni pou pati politik ni pou kandida endepandan. Pati politik konn prezante yon program, yo gen espwa suiv, si yo pase nan eleksyon. Se poutèt sa, anvan yon moun vote, sa nesèsè pou moun nan analize prensip ak lide pati politik la oubyen kandida pati a ap defann.

Ki sa ki pi bon : Vote pou pati politik oubyen vote pou kandida endepandan?

Sipoze potko janm gen eleksyon demokratik nan yon peyi. Gen pati politik ki vin fòme, men, anpil moun ki pral vote pa fin konprann koze vote a byen. Anpil nan yo rete andeyò, kote pa gen anpil enfòmasyon sou eleksyon ki rive. Gen lòt ki pa te janm aprann li e ki pa fasil jwenn enfòmasyon sou sa ki ekri. Lidè politik yo gen pou fè yon desizyon swa pou pèp la vote pou pati politik, swa pou li vote pou kandida endepandan.

Si sistèm ki nan peyi a se sistèm vòt chak pati politik genyen an epi se pou pati politik sèlman moun ap vote, sitwayen yo kab oblije vote twa fwa. Yon fwa pou yon pati nan eleksyon awondisman ak komin. Yon fwa pou yon pati nan eleksyon palman. Yon fwa pou yon pati nan eleksyon prezidan. Kab genyen yon lòt fòm : stiwayen yo ta annik vote yon sèl grenn fwa pou yon pati politik. Kantite vòt chak pati genyen ta regle konbyen plas li ta genyen ni pou tout peyi a, ni pou chak departman, ni pou chak komin. Epi se pati politik yo ki ta regle ki moun ki ta nan tel plas, dapre lis reprezantan, yo ta prepare a.

1. Ki avantaj peyi a ta jwenn nan yon sistèm kantite vòt chak pati genyen?
2. Ki avantaj peyi a ta jwenn nan yon sistèm kantite vòt chak kandida endepandan genyen?
3. Dapre nou menm, ki sistèm ki pi bon pou peyi a? Di pou ki rezon.
4. Sipoze peyi a chwazi sistèm kantite vòt chak pati genyen an, ki vle di, sitwayen yo, se pou yon pati politik sèlman yo vote. Èske se pou moun ta vote twa fwa? (Yon fwa pou tout peyi a, yon fwa pou departman yo, yon fwa pou komin yo? Oubyen èske se yon sèl fwa yo ta vote pou tou le twa ka yo?)



EGZESIS 4

Yon diskou pati pèp la

Nan yon ti pyès teyat, yon moun pran lapawòl o non Pati Pèp la:


Pati nou kanpe pou libète tout moun. Dapre nou, gouvènman pa gen dwa bride pèsoun moun. Moun ta dwe kapab chwazi rete tèl kote, fè tèl travay, pran plezi yo tèl jan. Yo te dwe gen dwa fè sa yo pi pito an nan vi prive yo, epi tou prèske tou sa yo pi pito an piblik. Pa ta dwe gen okenn paspouki nan sosyete a. Tout moun te dwe touche menm valè lajan pou nenpòt ki kalite travay yo fè. Nan plas yon gouvènman k ap travay pou moun ki rich, nou dwe mete yon gouvènman ki reprezante nou tout nèt”.

1. Ki lide ki pi enpòtan pati sa a apiye?
2. Mande moun ki pran lapawòl la keksyon sou politik Pati l la.
3. Èske ou dakò ak lide sa yo? Pou ki sa ou dakò? Pou ki sa ou pa dakò?
4. Si ou ta gen pou w fòme yon nouvo pati politik, leve yon lis senk gwo prensip pati w la ta deklare li pral defann.

D. DEMOKRASI AK PLIZYÈ PATI POLITIK



Politik fasil tounen diktati



Nan demokrasi ak plizyè pati politik, moun divès ras ak moun divès kwayans aprann travay ansanm


Pou gen demokrasi nan yon peyi, pi fò moun panse fòk gen plis pase yon grenn pati politik . Se sa yo rele demokrasi ak plizyè pati politik.

Si se yon sèl grenn pati ki genyen oubyen si se menm pati a ki toujou pase nan eleksyon, travay opozisyon an pap sèvi peyi a kòm sa dwa. Peyi ak yon sèl grenn pati politik fasil tounen diktati. Si pa gen opozisyon pou kritike politik gouvènman an ap mennen an, chanjman pou byen peyi a kapab mal pou pran pye. Men tou, lè gen twòp pati politik, peyi a degrennen fè ti moso. Pou sa pa rive, gen moun ki kwè pati politik yo kapab mete tèt yo ansanm pou fòme gwo asosiyasyon

EGZESIS 5

Keksyon sou demokrasi ak plizyè pati politik.

1. Sa demokrasi ak plizyè pati politik vle di? Pou yon demokrasi mache byen, sa k fè fok se plizyè pati pou li genyen?
2. Sipoze ou ta vle fòme pwòp pati politik pa w. Ki bon rezon ki ta genyen pou pi fò manm pati w la ta moun menm zòn avè w, oubyen pa ta moun menm zòn avè w?
3. Dapre wou, pou ki sa moun ki nan menm sitiyasyon ekonomik gen tandans antre nan menm pati politik? Eske sa ta dwe chanje? Si sa ta dwe chanje, ki jan pou sa ta fèt? Si sa pa dwe chanje, pou ki sa?
4. Eske ou kwè si gen anpil pati politik nan yon peyi, sa kapab kòz divisyon anndan peyi a, epi sa kapab fè demokrasi a febli?



E. KANDIDA POU ELEKSYON

Sitwayen yon demokrasi kapab kandida pou eleksyon. An jeneral, se pati politik yo ki chwazi yo kòm kandida, men se kapab yo menm menm ki fè desizyon pèsònèl pa yo. Genyen moun ki al nan eleksyon kòm kandida endepandan. Lè moun kandida, sa mande fòmasyon, tan, fyèl ak depans. Nan yon demokrasi, yon kandida pa dwe parèt paske li dèyè pouvwa ak lajan, men, paske li fè like ede sosyete l vin pi bon. Pou yon demokrasi mache, fòk moun ki pase yo, defann enterè pèp la toutbon epi fòk yo rann pèp la kont.

EGZESIS 6

Yon kandida ki sa nèt

Leve yon lis tou sa ki bon nou ta renmen jwenn nan yon kandida ki dèyè plas serye nan leta. Fè kèk ti ekip, epi antann nou sou dis bèl kalite gwoup la ta renmen jwenn nan yon kandida. Sa ki pi enpòtan epi pou ki sa? Chak ekip ap vini apre sa ak sa li wè ki pi bon nan kandida l la, ki fè kandida a, se sa nèt.



EGZESIS 7

Yon lwa kontwole chwa kandida

Yon eleman ki nesesè nan yon sistèm gouvènman demokratik, se vote pou chwazi moun ki reskonsab nan gouvènman an. Men gen anpil peyi ki soti anba diktati pou yo chwazi demokrasi epi, fè eleksyon ba yo pwoblèm. Paregzanp, yo oblije chwazi sa pou yo fè ak moun ki alatèt ansyen diktati a: èske yo te mèt kandida pou eleksyon oubyen èske yo pa te dwe kandida pou eleksyon?

Sipoze apre yon peyi fin sibi 40 ane diktati, yon nouvo palman pase yon lwa ki “defann tout moun ki te gen gwo plas nan ansyen diktati a vin gen plas enpòtan nan gouvènman an.” Lapolis mete yon lis mil (1000) ansyen otorite deyò.

1. Dapre lwa sa a, nan lis ki pi ba la a, ki moun yo ta gen dwa defann al nan eleksyon pou plas leta? Dapre wou, èske yon egzijans kon sa nan enterè peyi a? Di pouki rezon.


a) Pandan diktati a, yon dam ki doktè te mande pou li vin direktis enstiti rechèch sou kansè a.

Yo te ba l djòb la, a kondisyon li te asepte bay lapolis kou sou premye swen prese.

b) Pandan ansyen diktati a, yon pwofesè inivèsite te oblije enskri kòm manm pati a, pou li te jwenn yon plas pwofesè.

c) Pandan diktati a, poutèt konesans ak esperyans yon direktè sèvis lojman te genyen, yo mande l asepte yon gwo plas nan ministè ki okipe sèvis lojman. Pandan li te nan djòb sa a anvan, li te konn bay otorite nan Pati a pi bon kay yo.

d) Pandan diktati a, dapre sa moun te konnen, yon gwo otorite lapolis te abitye byen aji ak sitwayen peyi a. Men, li te suiv regleman ansyen gouvènman an tankou lwa ki te defann moun fè manifestasyon kont gouvènman an. Sa pa t anpeche l met men nan batay ki lakòz gouvènman an te chanje a.



e) Yon madanm te manm yon pati ki te konn pale pawòl politik e ki te konn kritike diktati a. Ansyen gouvènman an te fòse l bay non kèk lòt manm pati l la, pou l pa pèdi djòb li. Li bay gouvènman an kèk non. Gouvènman an sere non sa yo nan achiv kwak li pa janm aji sou moun sa yo.

2. Ki bon rezon ki gen pou lwa ki kontwole chwa kandida a oubyen kont lwa a? Di pou ki rezon.

3. Dapre nouvo lwa a, tout moun polis sekret ansyen gouvènman an make kòm tyoul ki te konn denonse moun, èske se pou yo defann yo fè pati nouvo gouvènman a? Pouki sa?

F. ELEKSYON LIB, ELEKSYON SERYE



Se kanpay elektoral ki fè sitwayen kab chwazi byen chwazi

1. Kanpay Elektoral

Anvan chak eleksyon, pati politik yo ak kandida yo gen yon valè tan pou yo mennen kanpay elektoral pou yo chèche montre moun k ap vote yo, se pou yo, pou yo vote. Aktivite yo pi jwenn nan yon kanpay elektoral se mitin kote kandida yo prezante pwogram yo epi moun ki pral vote yo poze yo keksyon. Laprès ap prezante lide kandida yo tou. Gen pankat, afich, mayo, bouton, ki sèvi pou yo fè moun k ap vote yo konn non yon kandida, opinyon yon kandida, oubyen yon pati. Se kanpay elektoral la ki fè sitwayen vin kab konnen tout kalite opinyon dekwa pou yo chwazi byen chwazi, lè y al vote. Gen yon kondisyon pou eleksyon lib epi pou li serye : fòk kanpay elektoral la lib tou.

Fòk gen garanti pou moun pale lib, pou moun reyini lib, pou moun fòme asosiyasyon lib. Yon kanpay elektoral pa ni lib ni serye si gen moun k ap kraponnen kandida, pati oubyen moun ki pral vote. Sa vle di si gen moun k ap ba yo presyon. Tout pati ak tout kandida dwe kapab fè moun tande sa

y ap di a menm jan. Si yo defann pati ak kandida ki nan opozisyon mennen kanpay yo se yon sèl kalite opinyon.

**Yon kanpay
elektoral pa ni lib,
ni serye si gen moun
k ap kraponnen
kandida, pati,
oubyen moun
ki pral vote**

Kanpay elektoral koute chè. Fòk gen lajan pou peye afich, trak, epi pou pase mesaj nan radyo, nan televizyon. Anpil fwa, lajan pou kanpay elektoral soti nan pòch sitwayen prive oubyen nan men konpayi. Apre eleksyon, genyen ki konn gen espwa jwenn avantaj nan men kandida pa yo ki pase. La-près gen yon wòl espesyal nan kanpay elektoral. Radyo, televizyon, jounal, aji anpil sou moun ki pral vote. Dapre sèten moun, laprès ta dwe louvri bra l menm jan bay tout kandida ak tout pati politik. Pwogram enfòmasyon nan tout pòs piblik radyo ak televizyon ta dwe bay tout pati politik menm valè tan. Epitou, tout kandida ak tout pati ta dwe kapab peye menm valè tan nan radyo ak televizyon ak menm valè paj espesyal nan jounal pou menm pri a.

Nan demokrasi, kanpay elektoral dwe chita sou keksyon politik ak wout politik pati ak kandida fè lide suiv pou yo rezoud pwoblèm peyi a. Sitwayen prive oubyen konpayi ki bay lajan pou kanpay elektoral, gen espwa jwenn avantaj pou sa yo bay la.



2. Men yon seri prensip moun dwe suiv nan kondi tèt yo yon jan pou eleksyon lib epi pou eleksyon serye



Men kijan pou nou fè pou Eleksyon lib - Eleksyon serye

- 1.** Fòk tout pati chèche pran kontak ak pi fò moun ki kapab vote yo. Okenn pati pap kontwole tout yon seri moun. Okenn pati pap enpoze yon seri moun pran kontak ak yon lòt pati.
- 2.** Moun pap gen dwa sèvi ak pawòl menas pou pouse dife.
- 3.** Moun pap gen dwa sèvi ak oken fòm kraponnay tankou touye moun, boule kay moun, fè moun menas.
- 4.** Lè gen reyinyon piblik, nanpwen antre kontwole sa k ap pase nan reyinyon an, ni antre gate reyinyon an
- 5.** Tout pati dakò pou yo respekte vòt ki fèt an sekre, epi pou yo respekte dwa moun ki vote genyen pou se yo menm sèl ki konnen ki jan yo vle vote.
- 6.** Moun pap gen dwa mache ak zam ni montre yo gen zam, pandan kanpay elektoral ak eleksyon.
- 7.** Lapolis pap pran pou tèl kandida, ni li pap foure kò l nan afè eleksyon.
- 8.** Se ak anpil serye kanpay elektoral dwe fèt. Pati politik ak moun ki kapab vote ap montre yo respekte lide politik lòt moun.
- 9.** Jou eleksyon an, kote eleksyon ap fèt, moun pap gen dwa chèche pran tèt moun ki kapab vote. Moun pap gen dwa chanje anyen nan sa ki make sou bilten vòt.
- 10.** Tout pati politik dakò pou yo asepte rezilta eleksyon ki lib epi ki serye, dapre deklarasyon moun ki reskonsab eleksyon an.


Eske eleksyon yo te lib? Eske eleksyon yo te serye?

Sipoze gen yon seri bagay ki rive pandan yon kanpay elektoral. Chèche wè si yo pa ale ak lide “eleksyon lib, eleksyon ki serye”. Di pou ki rezon.

Èske fòk gen yon lwa elektoral ki fè zak konsa sispann, oubyen ki kontwole zak sa yo? Si repons lan se wi, ki lòd pou lwa a pase? Si se non, pou ki sa?

1. Yon lidè nan yon legliz pa renmen lide yon pati politik. Li pase moun ki rete nan zòn li a lòd pa ale nan reyinyon manm pati sa a òganize yo.
2. Nan pwogram enfòmasyon yon chenn televizyon, yo pale de yon kandida 2 fwa plis pase tout lòt yo.
3. Yon fi ki kandida ranmase anpil lajan pou kanpay li a. Li vin kab achte twa fwa plis tan nan radyo pase tout lòt kandida yo.
4. Yon pati politik vòlò tout trak ak tout liv yon lòt pati ki kont li genyen. Epi, li detwi yo.
5. Mariz kandida pou menm plas ak Wilfrid. Wilfrid di kon sa: “Mariz pa alawotè menm, nan koze eleksyon. Pa gen anpil medam ki fè politik nan peyi nou. Se paske yo twò sansiv. Yo pa kontwole tèt yo. Si Mariz pase nan eleksyon, se kon sa l ap ye. Li pral bat kò l anpil, san li pa fè anyen”.
6. Yon nèg di madanm li: “Mwen vle ou vote pou pati Choven. Se li ki pral fè plis pou nou. Vote pou li, san sa, n ap gen kont”.
7. Yon biznismann deklare anplwaye l yo: “Se pati sa a ki pi bon pou konpayi nou an. Se pou kandida pati sa a pou nou vote. Si se pa sa, nou mèt al chèche travay lòt kote.”
8. Yon kandida yo rele Jorèl al nan eleksyon kont yon lòt kandida. Jorèl pa janm kritike lide lòt kandida a, men, tout tan, l ap plede di “Msye se vakabon. Se yon msye marye ki nan dezòd ak lòt medam.”

G. ELEKSYON LIB, ELEKSYON SERYE



Nan yon demokrasi, fòk eleksyon lib epi fòk eleksyon serye. Men, sa pa kont. Fòk eleksyon fèt souvan tou. Anpil fwa, se nan kontwòlè ki lè eleksyon ap fèt, diktatè rete sou pouvwa a. Oubyen yo pa fè eleksyon regilyè, oubyen chak kou, yo ranvwaye dat eleksyon. Gen de lè, diktatè chwazi fè eleksyon lè yo sèten se yo menm k ap pase, oubyen se pati pa yo a k ap pase. Ak vye mannèv konsa, pati ki nan opozisyon mal pou pran pouvwa a oubyen yo pa kapab pran pouvwa menm.

Anpil fwa, yon konstitisyon di ki lè pou yo vote pou nouvo manm palman oubyen pou nouvo manm pouvwa egzekitif la. Gen konstitisyon ki bay prezidan an dwa pou li òganize eleksyon lè li vle. Konstitisyon Ayiti a di se chak 4 an ak chak 6 an pou yo change manm palman yo, epi li di se pou chak 5 an yo nonmen prezidan an nan eleksyon.

Anpil fwa, lè gen palman, si vòt palman blame gouvènman, sa mande pou yo òganize yon nouvo eleksyon.

EGZESIS 9

Konbyen fwa eleksyon dwe fèt ?

1. Dapre wou, èske Konstitisyon dwe di ki dat fiks eleksyon dwe fèt? Di pou ki rezon ou reponn tèt lan.
2. Si se wou ki tap chwazi yon dat fiks pou eleksyon fèt, konbyen tan ou ta mete ant chak eleksyon? Pou ki rezon se tèt valè tan ou ta mete?
3. Sipoze konstitisyon yon peyi bay prezidan an dwa chwazi dat eleksyon. Prezidan an kwè gen twòp dezòd anndan peyi a, si eleksyon fèt tousuit, sa kab mennen gwo deblozay. Èske prezidan an gen dwa ranvwaye eleksyon an? Oubyen èske se pou Konstitisyon an oubyen yon lwa ta make yon limit pou prezidan an oblije òganize eleksyon apre tan lane? Di pou ki rezon ou reponn tèt lan.

H. KI JAN POU MOUN VOTE

**NAN PEYI W
KI SA YO FE
POU ELEKSYON?**

**KAT
ELEKTORAL**



Men mouvman ki dwe fèt pou eleksyon lib epi pou eleksyon serye :

I. ANVAN ELEKSYON

Enskripsyon sou lis elektoral. Se yon mwayen pou yo rekonèt ki moun ki kab vote. Se yon bon bagay pou moun gen kat elektoral anvan yo kab al vote . Se yon bon kontwòl pou pèsonn moun pa al vote plis pase yon grenn fwa, epi pou chak mou ki pral vote, gen dwa vote vre.

II. JOU ELEKSYON

a. Lè moun vote yo rive nan biwo vòt la, yo montre kat elektoral yo. Yo kontwole non yo, epi yo reskonsab biwo a tranpe dwèt yo nan yon lank yo pa kab efase. Se yon mwayen pou yo wè si se non yo vre, epi pou chak moun vote yon sèl grenn fwa.

b. Yo bay moun k ap vote yo yon bilten vòt. Apre sa, moun k ap vote a antre nan izolwa a (se kote yo fè chwa yo). Moun k ap vote a chwazi nan lis kandida ki sou bilten an epi li make yon kwa (X) pou moun l ap vote pou li a.

c. Vòt la, se yon vòt sekre, ki fèt nan izolwa a, san okenn moun pa kab wè ki kandida moun k ap vote a chwazi.

d. Moun nan ploye bilten an epi li mete li anndan bwat vòt la. Se yon bwat ki sele ak so.

e. Biwo vòt la fèmen ofisyèl, lè ki te regle pou li fèmen an.

e¹) Yo sele bwat vòt la devan reprezantan pati politik yo. Epi yo pote bwat la ale kote yo pral konte vòt yo.

e²) Yon reskonsab ofisyèl wete so ki sele bwat vòt la epi li louvri li, devan moun ki anchaje kontwòl la. Moun k ap fè kontwòl la, se manm pati politik ak kèk lòt moun ki endepandan. Konn gen reprezantan entènasyonal nan kontwòl la tou. Yo rele yo “*obsèvatè*”.


e³) Moun ki anchaje konte vòt yo, ap mete bilten ki nil yo apa. Yo pa kab konte bilten nil yo, nan rezilta total eleksyon an. Bilten sa yo nil paske yo pa konfòme yo ak regleman ki deja la pou eleksyon an. Se kon sa plizyè bilten nan menm anvlop la, se bilten ki nil. Bilten ki pa make moun yo chwazi a klè, se bilten ki nil, eksepera.

f. Se chak bilten yo egzamine epi yo konte. Se yon moun ki reskonsab konte yo, pandan y ap kontwole konbyen bilten yo konte. Apre sa, yo tounen mete bilten yo konte yo anndan bwat la epi yo tounen sele bwat la ak so.

EGZESIS 10

Nan biwo vòt la

Nan yon ti pyès teyat, n ap montre ki jan pou moun vote. Genyen k ap jwe wòl moun k ap vote oubyen moun ki reskonsab biwo a oubyen moun k ap konte bilten vòt. Èske vòt la fèt jan moun dwe vote? Di pou ki rezon.



Moun k ap kontwòle pandan eleksyon gen yon wòl ki enpòtan anpil, pou nou sèten se eleksyon lib, se eleksyon serye. Wòl yo se make tout jwèt koken.

Konn gen obsèvatè entènasyonal ki la. Sa fèt espesyalman si te gen pwoblèm anvan eleksyon oubyen si yon peyi ap antre nan chemen demokrasi. Obsèvatè yo se sitwayen peyi etranje ki la pou yo suiv kòman eleksyon an ap dewoule epi pou yo di: Atansyon, gen pwoblèm, gen jwèt koken, gen kraponay, gen vyolans ki fèt. Nan nivo entènasyonal, yo kapab fè presyon sou gouvènman pou yo òganize eleksyon ki serye oubyen pou yo anile eleksyon ki pa te serye poutèt gwo koken.

EGZESIS 11

Ki sa obsèvatè entènasyonal yo dwe fè?

Nan yon peyi kote se yon sèl grenn pati politik ki la depi lontan, prezidan an, sa vle di diktatè a, deklare li pral òganize eleksyon epi tout pati politik gen dwa al nan eleksyon. Li envite obsèvatè entènasyonal vin suiv eleksyon an. Se plis pase mil (1000) obsèvatè ki vini pou sa. Men sa anpil nan yo di yo wè: pandan eleksyon an gen manm gouvènman an ak manm pati prezidan an ki fè anpil zak kraponnay sou moun k ap vote yo. Obsèvatè yo deklare: yo wè manm gouvènman an fè moun menas di y ap kraze zo yo si se pa pou prezidan an yo vote. Prezidan an di se pa vre. Li kwè se vle obsèvatè yo vle li pèdi eleksyon an. Li deklare li pa ta envite yo vini, si se pa te eleksyon lib, eleksyon serye, li te fè lide òganize.

1. Dapre wou, pou ki sa prezidan an te envite obsèvatè entènasyonal nan peyi li?
2. Sa ou ta fè si ou te youn nan obsèvatè entènasyonal yo?

I. RESPEKTE LIDE POLITIK KI PA MENM AK LIDE PA OU LE GEN ELEKSYON



Pou eleksyon demokratik reyisi toutbon, fòk gen yon anbyans ki fè sitwayen peyi a pare pou yo admèt lòt lide politik ki pa menm ak pa yo. Asepte lòt lide politik, sa vle di: moun gen dwa pran la pawòl, yo gen dwa mennen kanpay yo, yo gen dwa fè reyinyon, yo gen dwa mete tèt yo ansanm ak lòt moun ki gen lide ki pa menm ak lide divès lòt moun. Si lòt moun pa gen pèmisyon mennen aktivite politik nòmal pa yo, si yo ba yo baryè pou sa, mòd aji sa a vire do bay demokrasi. Demokrasi mande pou tout sitwayen antre nan aktivite politik.

EGZESIS 12

Nan politik eske ou toleran?

1. Chonje yon gwoup moun nan sosyete a ki kontrarye nou. Nou pa bezwen nonmen non l. Nou pral kalkile ki sa nou ta asepte yon manm gwoup sa a fè. N ap bay tèt nou yon nòt pou chak repons, depi 1 jis 5 (5 se yon nòt ki vle di: nou ta asepte sa nèt. 1 se yon nòt ki vle di: nou pa ta asepte sa menm).
 - a) Moun nan ap òganize yon manifestasyon nan katye nou.
 - b) Moun nan ap pran lapawòl nan yon mitin piblik nan katye nou.
 - c) Moun nan vle fè zanmi ak pitit nou, si nou gen pitit.
 - d) Moun nan ap gaye lide pa l nan yon journal e se nou ki ta mèt journal l la.
 - e) Moun nan ap fè pwopagann pou moun vin manm gwoup pa l la, kote nou travay la.
 - f) Moun nan ap distribye trak pwopagann pou lide pa l, nan katye nou.
2. Konbyen pwèn ou bay tèt ou pou chak egzanp?
Konpare nòt pa w ak nòt lòt moun.

3. Dapre jan w aji nan ka sikonstans sa yo, ki sa ou ta chwazi kòm egzanp moun ki pa toleran nan politik? Ki sa ou ta chwazi kòm egzanp moun ki toleran nan politik? Èske ou pa etone wè ki tandans ou genyen nan koze toleran nan politik oubyen pa toleran nan politik.?
4. Sa ki fè moun gen tandans pa toleran nan politik? Ki metòd pou nou ta suiv pou moun vin toleran toutbon nan politik, nan sosyete nou an?
5. Eske lè moun toleran ak yon moun, se menm afè ak lè moun toleran ak lide moun nan, kòm kwa li gen dwa gen lide sa yo? Esplike repons ou.

**Koze moun
ki toleran nan politik
oubyen moun
ki pa toleran nan politik,
se keksyon
ki parèt souvan
nan eleksyon**


Koze moun ki toleran nan politik oubyen moun ki pa toleran nan politik, se keksyon ki parèt souvan nan kanpay elektorale. Patizan tèl pati konn eseye bay aktivite politik baryè, lè se aktivite politik lòt pati ak lòt kandida.



Yo refize kite yon pati politik sèvi ak yon sal reyinyon

Òganizatè yon pati politik yo rele *Pati Politik Lib* ta vle fè yon reyinyon nan yon sal lakomin. Reskonsab sal la, se yon Konsèy Kominal. Men, pi fò manm konsèy kominal la, se manm yon pati yo rele *Pati Politik Pou Libète Pawòl*. Manm Konsèy kominal ki nan *Pati Politik Pou Libète Pawòl* la pa vle *Pati Politik Lib* la fèt nan sal lakomin nan, paske pi fò moun zòn nan apiye *Pati Politik Pou Libète Pawòl* la. Epitou, yo panse ap gen deblozay si *Pati Politik Lib* la fè reyinyon l nan sal la.

1. Nan yon pyès teyat, montre yon diskisyon k ap fèt ant reprezantan 2 pati politik yo, pou yon desizyon fèt. Èske y ap bay *Pati Politik Lib* la pèmisyon sèvi ak sal lakomin nan?
2. Kòm se *Pati Politik Pou Libète Pawòl* la ki vin gen kontwòl lakomin nan, dapre rezilta eleksyon demokratik, èske se pa li ki gen dwa kontwole ki moun ki pou sèvi ak sal kominal la? Pou ki rezon ou reponn tèt jan?
3. Si *Pati Pou Libète Pawòl* la refize kite lòt pati a sèvi ak sal la, ki sa manm *Pati Politik lib* la kapab fè?



**Kapab genyen,
nan yon sosyete
moun k ap byen viv
kwak yo soti nan
divès mòd kwayans
ak mès**

Moun ki toleran nan politik kapab asepte moun ki pa soti nan menm ras, nan menm zòn, nan menm kilti, nan menm relijyon, nan menm koutim ak yo. Yo kapab konsidere yo. Pou sa kapab fèt, fòk nou konprann ki avantaj ki kapab genyen, nan yon sosyete kote moun byen viv kwak yo soti nan divès mòd kwayans ak mès.

EGZESIS 14

Sa ki pèdi, dakò yo pèdi.

Pi move kou yon demokrasi pran, se lè eleksyon fini epi pati ki pèdi a pran lèzam pou li goumen ak moun ki genyen yo.

J. ELEKSYON LIB, ELEKSYON SERYE

**Pi move kou
yon demokrasi pran,
se lè eleksyon fini,
epi pati ki pèdi a
pran lèzam
pou li goumen
ak moun ki genyen yo.**

Eleksyon se tankou pledman. Gen moun ki genyen, gen moun ki pèdi. Si pou demokrasi pran pye vre, lesansyèl se pou pati politik ak moun ki alatèt yo pare pou yo fè pledman nan eleksyon epi pou asepte rezilta eleksyon an. Lè eleksyon lib, eleksyon serye, fin fèt, se pou moun ki pèdi pouvwa a, ak moun ki pa reyisi bon nan eleksyon an pare pou yo rekonèt yo pèdi. Se toujou menm koze respekte lide politik ki pa menm ak lide pa nou an. Sa vle di nou asepte pou moun k ap dirije peyi a, se moun nou pa dakò ak yo. Apre eleksyon demokratik, moun ki pèdi yo dwe tounen yon pati ki nan opozisyon. Wòl yo enpòtan paske lide y ap defann yo pa menm ak lide moun ki genyen eleksyon an. Yo dwe kontinye pale kareman . Yo dwe fè pi plis efò toujou pou yo pase nan lòt eleksyon. Pi move kou yon demokrasi pran, se lè eleksyon fini epi pati ki pèdi a pran lèzam pou li goumen ak moun ki genyen yo.

Prezidan an anile Eleksyon

Yon fi ki prezidan yon peyi, ak pati li, sou pouvwa depi anpil ane. Yon pati ki nan opozisyon ap boulvèse yo serye. Pati sa a ap mennen yon michan kanpay elektoral. Prezidan an deklare pati ki nan opozisyon an dezobeyi plizyè regleman lwa elektoral la, tankou lè li ta ankouraje moun vote plis pase yon grenn fwa nan yon eleksyon. Dapre dènye rezilta se pati sa a ki genyen eleksyon an. Poutèt akizasyon ki fèt kont pati ki sipoze genyen eleksyon an, prezidan an anile rezilta eleksyon an. Epi li pran yon dekrè pou yo òganize yon lòt eleksyon nan swasant (60) jou.

1. Ki rezon fi ki prezidan an bay pou li anile eleksyon an?
Eske pa ta kapab gen yon lòt rezon?
2. Si yo dezobeyi lwa elektoral la vre, ki jan pou yo regle pwoblèm nan?
3. Eske se prezidan ki ta dwe gen pouvwa fè yon desizyon nan zafè eleksyon?
Lè li menm ki limenm ansanm ak pwòp pati pa l nan eleksyon an tou?

